



American Red Cross



RAPÒ SOU TRAVAY KI FÈT APRE YON MWA NAN REPLIK LAKWA WOUJ AMERIKÈN LAN

12 fevriye 2010

YON EFÒ ISTORIK POU BAY SEKOU

Le 12 janvye 2010, yon seri tranblemandtè ki te vini ak yon fòs ki mezire ant 6,5 a 7,3 te frape peyi Ayiti. Li te touye apeprè 200.000 moun, epi li te oblije 3 milyon ayisyen fè fas ak lanmò moun ki chèche pou yo, pèdi kay yo, lekòl yo, ak mwayen pou yo genyen pen kotidyen yo. Gwo tranblemandtè a ansanm ak lòt ti tranblemandtè ki te fèt apre yo e ki te kontinye frape lòt kote ozalantou Pòtoprens, kapital peyi a, te redwi pifò kay yo an debri; epi la menm, yo te kite apeprè 1,2 milyon moun san kay pou yo rete. Se yon kokenn katastwòf, ki koze domaj ak lasoufrans total ann Ayiti—ki te deja peyi ki pi pòv nan Emisfè Oksidantal la.

“Gen anpil nesessite, men sipò ak bon kè pèp ameriken an fè yon diferans chak jou.”

—Gail McGovern, Prezidan ak PDG

Yon fwa tranblemandtè a te fini, Lakwa Wouj Amerikèn te kòmanse travay vennkat sou vennkat pou li bay moun ki chape yo sekou ak asistans ijans. Yon mwa apre, Lakwa Wouj te rive pote sekou sou fòm pwovizyon, manje, sèvis medikal, dlo, sipò ijyenik ak ebèjman bay anpil anpil moun. [Gade foto ki montre plizyè jan sipò pèp ameriken an pèmèt Lakwa Wouj ede pèp ayisyen an apre tranblemandtè a.](#)

Sekouris yo

Rezo Lakwa Wouj mondyal la te reyaji an mas—plis pase 600 travayè Lakwa Wouj ak Kwasan Wouj, ki soti nan 30 peyi, ann Ayiti koulye a ap sipòte anpil volontè ayisyen. Travay sekou entènasyonal la jwenn patisipasyon pi plis ekip sekouris kadijans pase nan nenpòt lòt katastwòf ki janm rive nan yon sèl peyi nan listwa Lakwa Wouj.

Chak ekip Lakwa Wouj gen pwòp wòl pa li ak ekspètiz pa li; epi ansanm, yo fòme yon motè pwisan kap bay sekou. [Gade](#)

[yon videyo ki montre aktivite kap mennen nan kan prensipal Lakwa Wouj ann Ayiti a, kote anpil sekouris ap tabli replik sa a nan lòd.](#)

Gen plis pase 100 gwoup moun ki reprezante Lakwa Wouj ann Ayiti:

- 30 espesyalis ap mennen aktivite pou fè distribisyon sekou epi pou bay sipò nan telekominikasyon
- 14 anplwaye, ki te baze ann Ayiti a pèmanans depi anvan tranblemandtè a, ap ede dirije replik la
- Gen plis pase 50 entèprèt ki pale kreyòl nan larad la, kap bay sekou nan yon bato militè, ki yon lopital tou, epi ki rele USNS *Comfort*

Manje, Dlo ak Lòt Atik pou Sekou

Anplis voye sekouris ak espesyalis nan administrasyon katastwòf yo, Lakwa Wouj Ameriken ap bay:

- Atik pou sekou pou 130.000 moun, ladan yo gen lenn, batri kwizin, pake ijyenik, kontennè dlo ak moustikè
- Li voye twa milyon pake manje ki deja anbale bay Pwogram Nitrisyon Mondyal Nasyonizini an
- Fon pou ede yon lòt milyon moun anplis pandan yon mwa
- Plis pase 1 milyon sache ki gen pwodwi pou pirifye dlo ladan yo, gras a Sèvis Entènasyonal pou Lapopilasyon

[Gade yon videyo ki montre kouman Lakwa Wouj itilize yon pwosesis nan lòd, ak efikasite epi ak diyite pou li bay moun ki chape nan tranblemandtè yo atik debaz yo.](#)

Pou nou satisfè bezwen ekstrèm ki genyen pou dlo potab la, tout rezo Lakwa Wouj mondyal la nèt bay 17 milyon lit dlo, ki al jwenn apeprè 300.000 moun pa jou, depi dat tranblemandtè a. Anplis, pou adrese kesyon ijyèn lan epi pou redwi pwopagasyon maladi, sekouris yo ap bati dezantèn latrin ak twalèt mobil, epi an menm tan yap kolekte pakèt fatra andedan ak ozalantou Pòtoprens.

Swen lasante

Tranblemandtè a te detwi anpil lopital ak klinik/dispansè ki bay swen lasante nan Pòtoprens. Pou ede satisfè bezwen tout pakèt moun ki blese yo epi pou anpeche pwopagasyon maladi, yon bagay ki kòmen apre katastwòf nan nivo sa yo, ekip Lakwa Wouj toupatou sou latè travay an patenarya pou:

- Tabli 2 lopital ansanm ak 4 klinik mobil pou swen lasante ki bay sèvis medikal pou apeprè 1.600 malad pa jou
- Sipòte yon kanpay gouvènman an antreprann pou vaksinasyon ak pwomosyon ijyèn pou kòmanse ede pwoteje epi edike plis pase 250.000 timoun

[Li enfòmasyon sou lòt jan Lakwa Wouj ap ede timoun ann Ayiti, menm yon ti gason ki gen 4 an yo rele Joe.](#)

Anplis sa, Lakwa Wouj Amerikèn:

- Bay prèske 750 inite san pou moun ki chape nan tranblemandtè a
- Finanse \$600.000 manje pou klinik mobil yo

Ebèjman

Gen plis pase 1 milyon moun ann Ayiti ki bezwen ebèjman. An kolaborasyon ak lòt ajans ki bay sekou yo, entansyon Lakwa Wouj se pou li itilize yon seri estrateji pou li adrese sitiyo konplike sa a. Estrateji sa yo la pou:

- Bay fanmi nan zòn lan solisyon ki pral ankouraje yo rekonstwi san danje toupre kay yo te genyen anvan katastwòf la
- Sipòte nesessite fanmi ki bay moun ki pa gen lojman yo yon kote pou yo fè dezoutwa jou
- Sipòte moun ki nan zòn kote kominote yo tabli tèt yo apre tranblemandtè a epi bay yo e prela e tant alafwa

Asistans nan Etazini

Lakwa Wouj Amerikèn bay sèvis dakèy, ebèjman ak lòt sipò pou sitwayen ki

PREZANS YON ÒGANIZASYON DE KONFYANS ANN AYITI

Lakwa Wouj Amerikèn te toujou prezan ann Ayiti depi 2004, ap bay sipò nan preparasyon pou dezaz nan zòn lan, edikasyon sou VIH, prevansyon malarya ak inisyativ pou vaksinasyon kont lawoujòl. Lè latè te kòmanse tranble le 12 janvye 2010 la, Lakwa Wouj Amerikèn te gen yon pèsònèl 14 moun. Youn ladan yo se te chèf delegasyon lokal la Matthew Marek. Yo te reyaji byen vit pou yo te bay premye swen, evalue domaj la epi distribye pwovizyon ki te deja sou plas bay moun ki tap kouri pou kay ki tap efondre yo. Yon mwa apre, Matthew, ekip li a ansanm ak plis pase 3.000 volontè ayisyen ki travay pou Sosyete Ayisyèn pou Lakwa Wouj la kontinye jwe yon wòl enpòtan nan sekou nap pote a. Yo konnen Ayiti afon epi pèp ayisyen an fè yo konfyans akozde wòl pèmanan Lakwa Wouj jwe nan kominote a.

rapatriye epi pou moun yo evakye epi ki bezwen bonjan swen medikal ki rive nan Etazini apre tranblemandtè a. Anplis, Lakwa Wouj Amerikèn ap ede moun jwenn epi reyetableli kontak ak fanmi yo ann Ayiti gras a sèvis entènasyonal li genyen an ki ede fanmi youn jwenn lòt—yon kalite asistans Lakwa Wouj ap bay ann Ayiti tou. Aprann kouman moun ki chape ann Ayiti yo ap itilize telefòn pòtab, tankou sa Lakwa Wouj fè kado yo, pou rele fanmi yo toupatou sou latè pou fè yo konnen yo an sekirite e yo byen.

ANN GADE VÈ LAVNI

Li evidan, yon bagay ki pran kèk minit pou detwi ap pran anpil ane epi sipò kolektif gouvènman ak ajans ki bay sekou toupatou sou latè yo pou ede nan rekonstriksyon an. Akozde sipò ekstrawòdinè pèp ameriken an, nap kontinye jwe yon wòl enpòtan nan travay nap fè pou bay sekou nan mwa kap vini yo.

MÈSI

Mèsi paske w ede fanmi ki pa gen kay pou yo rete yo, ki grangou epi ki te pè pandan tranblemandtè a tap fèt ann Ayiti an janvye 2010. Pou swiv pwogrè sekou Lakwa Wouj ap bay la, tanpri ale nan redcross.org/haiti. Ou kapab resevwa enfòmasyon ajou tou nan Red Cross [Blog](#), [Disaster Online Newsroom](#), [Flickr](#), [Twitter](#), nan sitwèb [Facebook](#) ak [YouTube](#) yo.


Ou kapab ede viktim kriz san fen, tankou tranblemandtè ki pase resaman ann Ayiti a, oswa toupatou sou latè chak ane yo si w bay American Red Cross International Response Fund yon kado finansyè. Kado sa a bay sekou imedyata ak sipò a long tèms paske se pwovizyon, asistans teknik, ak lòt sipò pou ede moun ki nan bezwen yo ye. Lakwa Wouj Amerikèn te kapab reyaji imedyatman nan tranblemandtè sa a—menm anvan li te resevwa donasyon yo—akozde kontribisyon moun te deja bay International Response Fund lan. Tanpri panse pou w ede Lakwa Wouj pandan nap prepare pou pwochen kadijans lan. Rele **1-800-RED CROSS** oswa vizite redcross.org.

FINANS

Depi tranblemandtè ki te fèt ann Ayiti an janvye 2010 la, Lakwa Wouj Amerikèn resevwa sipò yo pa janm wè anvan sa, nan men moun ki gen bon kè, konpayi, fondasyon toupatou nan Etazini. Lakwa Wouj Amerikèn te deja resevwa apeprè \$255 milyon (le 10 fevriye 2010) pou pote sekou ak pou rekiperasyon ann Ayiti.

Gen pwomès pou nou jwenn plis pase \$32 milyon dola nan efò eksepsyonèl kap fèt pa mwayen telefòn pòtab la, kote yon moun kapab voye yon mesaj SMS ki di “Haiti” nan nimewo 90999 pou li bay yon donasyon \$10. Mèsi paske w pèmèt Lakwa Wouj Amerikèn reyaji imedyatman e ak efikasite pandan nesessite ki genyen sou plas la ap vin pi plis.

Fon Lakwa Wouj Amerikèn depanse/pwomèt pou Replik pou Tranblemandtè Ayiti a antou se: \$80 milyon dola



Fon yo konstate an rezilta ki depanse/pwomèt vè le 9/2/10.

Jiska prezan, Lakwa Wouj Amerikèn deja depanse oswa pwomèt \$80 milyon dola pou satisfè bezwen ki pi ijan moun ki chape nan tranblemandtè ann Ayiti yo genyen. Lajan an la pou sekou imedyata, men apeprè 69 pousan nan fon ki pwomèt jiska prezan yo se pou manje ak dlo; yo mete 20 pousan dekote pou ebèjman; epi rès la se pou sèvis lasante ak lafanmi. Tankou sekou a ap fè pwogrè

epi rekiperasyon an ap kòmanse, Lakwa Wouj ap kontinye sipòte zòn ki pi nan bezwen yo ak inisyativ pou asistans a long tèms yo.

Lakwa Wouj Amerikèn pwomèt pou li itilize chak dola ak anpil pridans. Anmwayèn 91 santim sou chak dola nou resevwa envesti dirèkteman nan sèvis imanitè ak nan pwogram.

CHAK MOUN KI VANN ATIK YO PA ITILIZE KI NAN FON GRENYE LAKAY YO, CHAK PONMKÈT

Menm si se yon kòlèk ki fèt nan travay, yon teleton yon vedèt fè oswa yon tigason ki bay dola yon zanj gadyen li kite anba zorye li, ameriken yo montre jenewozite yo anpil nan sipò yo bay Lakwa Wouj pou travay sekou lap fè ann Ayiti a. Pran yon ti tan pou li kèk nan istwa ki bay enspirasyon epi gade yon Anons pou Sèvis Piblik. Toulede montre kouman aksyon lokal gen yon enpak global.

Chak **donasyon \$10**, e nou resevwa yon pakèt mesaj SMS, ede nou ak pwovizyon ki nesessè imedyatman yo epi sipò a rive jwenn moun ki chape yo touswit apre tranblemandtè a. Pa egzanp, yon sèl nan kado sa yo sèlman te bay yon pake premye swen ki te gen ase ponmad ak pansman pou yon travayè Lakwa Wouj trete 15 a 20 moun ki te chape nan tranblemandtè a epi ki te blese. Gade figi gason, fanm ak timoun kap resevwa sipò debaz sa a, men ki sove lavi yo, gras a oumenm.



Michaëlle Fleamvil ap pote pwovizyon pou Lakwa Wouj Amerikèn distribye nan Kwa Depre. Se Matthew Marek, ki travay pou Lakwa Wouj, kap ede li.